



FAQ KOMINOTE

10 Septanm, 2023

Mizajou sou konsekans imigrasyon pou kondanasyon “dwòg nakotik” nan New York

Nan dat 6 septanm 2023 a, Dezyèm Sikui an te pran yon desizyon nan ka *U.S. v. Minter*, No. 21-3102, 2023 WL 5730084 (2d Cir. Sept. 6, 2023), ki ka benefisye imigran ki gen kondanasyon New York ki gen rapò ak lavant osinon posesyon yon “dwòg nakotik.” **Kòm rezilta, plizyè milye imigran ki te sib nan Lagè kont Dwòg yo ka elijib pou soulajman nan konsekans devastatris imigrasyon nan kondanasyon sa yo.**

Penalite sevè pou itilizasyon ak lavant dwòg yo te dechire fanmi ak kominote san yo pa bay sekirite ke kominote sa yo merite. Desizyon sa a nan Tribinal la bay yon ti limyè soulajman pou imigran yo, ki se pami moun ki pi afekte anpil pa Lagè kont Dwòg yo. FAQ ki anba a bay enfòmasyon pou defansè ki ka gen entèraksyon ak moun ki pral benefisye de desizyon tribinal la.

Kisa Tribinal nan *U.S. v. Minter* te di?

Tribinal nan *U.S. v. Minter* te di ke kèlke kondanasyon New York pou posesyon osinon vant yon “dwòg nakotik” pap ka mennen nan depòtasyon oswa disqualifye kòm krim dwòg pou zafè imigrasyon. **Sa vle di ke moun ki gen kèlke kondanasyon NY “dwòg nakotik” yo ka kapab kounye a goumen kont ansyen lòd depòtasyon yo oswa goumen kont pwosedi depòtasyon ki an kou. Anplis, moun ki pa t kapab jwenn yon kat vèt oswa sitwayènte akoz yon kondanasyon “dwòg nakotik” New York yo ka elijib kounye a.**

Kisa yon “dwòg nakotik” ye? Kijan mwen pral konnen si kondanasyon mwen an te pou yon “dwòg nakotik”?

“Dwòg nakotik” se yon tèm ki itilize nan lalwa New York. Li refere a yon lis dwòg ke eta a te deziyen kòm “dwòg nakotik” (Ki diferam de “kanabis,” “stimilan,” “alisinojèn,” osinon yon lòt kategori dwòg). Dwòg komen ki enkli nan lis la se kokayin ak ewoyin.



Pi bon fason pou idantifye si yon kondanasyon te pou lavant oswa posesyon yon "dwòg nakotik" se pou idantifye egzakteman ki estati kriminel yon moun te kondane anba li. Sa mande enfòmasyon ki pi espesifik pase konnen si li te yon feloni oswa non estati a. Pa egzanp, moun ki kondane pou posesyon yon sibstans kontwole nan katyèm degre gen yon kondanasyon "dwòg nakotik" *sèlman si* yo kondane anba sous-seksyon premye nan estati a.

Ki moun ki ka benefisye de desizyon sa a?

Imigran ki:

- Viv nan New York, Connecticut, oswa Vermont epi yo te di yo **inelijib pou yon benefis imigrasyon**, tankou rezidans pèmanan (youn kat vèt) oswa sitwayèn, **baze sou yon kondanasyon "dwòg nakotik" nan New York**; oswa
- **Aktyèlman nan pwosedi depòtasyon** nan yon Tribinal Imigrasyon nan New York oswa Connecticut **baze sou yon kondanasyon "dwòg nakotik" Eta New York**; oswa
- Gen yon ofans "dwòg nakotik" New York epi yo te bay **lòd pou yo depòte pa yon Tribinal Imigrasyon nan New York oswa Connecticut**.

Nan mwayen pou detèmine si ou menm oswa yon moun pwòch ka benefisye de desizyon Tribinal la, **ou pral bezwen yon analiz endividyèl. Ou ta dwe pale ak yon avoka imigrasyon de konfyans sou nenpòt kesyon apwopo kondanasyon dwòg nan Eta New York.**

Kijan mwen pral konnen si mwen benefisye de desizyon an?

Yon avoka imigrasyon de konfyans pral bezwen revize sitiyasyon ou pou bay yon analiz endividyèl. Yo pral bezwen wè dokiman ki gen rapò ak:

- Istorik kriminel ou
 - Jwenn Sètifika Dispozisyon pou chak fwa ou te arete osinon te dwe ale nan tribinal kriminel.
 - Pou arestasyon nan Vil New York, ou [mande Sètifika Dispozisyon](#) nan tribinal kote ou te parèt.
 - Pou nenpòt arestasyon pa nan Vil New York, ou bezwen kontakte tribinal la direktman osinon travay ak yon avoka pou mande yon kopi nan jijman tribinal la osinon dispozisyon.
 - Avoka defans kriminel ou yo te genyen anvan yo ka ede ou tou nan lokalize dokiman ka yo. Si ou te gen yon avoka asiyen nan NYC men ou pa konnen kijan pou jwenn yo, kontakte biwo defans piblik yo ([Anglè](#)).
 - Travay ak yon avoka pou jwenn yon fèy RAP si ou pa sèten sou istwa arestasyon ou.

- Istorik imigrasyon ou
 - Si ou te nan Tribinal Imigrasyon anvan osinon yo te bay lòd pou yo depòte ou, ou pral bezwen kolekte dokiman nan ka ou a enkli: dokiman chaj (“Avi pou Parèt”) ak nenpòt lòd osinon desizyon soti nan Jij Imigrasyon, Komisyon Tribinal Imigrasyon (BIA) osinon Tribinal Sikon.
 - Si yo te refize ou yon benefis imigrasyon tankou yon kat vèt osinon sitwayènte baze sou yon kondanasyon “dwòg nakotik” nan New York, ou pral bezwen avi refi a.
 - Si ou te prezante anvan pa yon avoka imigrasyon, yo ka gen kopi nan dokiman sa yo. Si ou menm osinon yon avoka anvan ou pa gen dokiman yo, ou ka bezwen depoze yon demann Freedom of Information Act (FOIA) ak [Biwo Ekzekitif Revizyon Imigrasyon](#) (EOIR) osinon [Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini](#).

Si ou gen yon kondanasyon “dwòg nakotik” New York epi:

- **Viv nan New York, Connecticut, osinon Vermont epi yo te di ou anvan ke ou pa elijib pou yon benefis imigrasyon akòz yon kondanasyon “dwòg nakotik” New York osinon**
- **kounye a nan pwosedi depòtasyon nan New York osinon Connecticut:**

Pale ak yon avoka imigrasyon de konfyans pou wè si desizyon sa a gen enpak sou ou. Kèk moun ki kounye a nan pwosedi depòtasyon pou yon kondanasyon “dwòg nakotik” New York osinon yo te di yo pa elijib pou yon kat vèt osinon sitwayènte baze sou yon kondanasyon “dwòg nakotik” New York kapab elijib kounye a pou aplike pou soulajman osinon aplikasyon yo pat elijib anvan pou yo a.

Si ou gen yon lòd depòtasyon osinon yo te deja depòte ou pou yon kondanasyon “dwòg nakotik” New York:

Pale ak yon avoka imigrasyon de konfyans osi vit ke posib pou konnen si desizyon sa a gen enpak sou ka ou a. Kèk moun ki te jwenn lòd depòtasyon nan Tribinal Imigrasyon yo nan New York ak Connecticut akòz yon kondanasyon nan zafè “dwòg nakotik” New York ka gen yon opòtinite pou mande yon Jij Imigrasyon osinon BIA la pou rekonsidere si ansyen lòd depòtasyon an te apwopriye epi aplike pou yon defans kont depòtasyon ki pa t disponib anvan. ***Fè sa a nan premye 30 jou yo apre dat 6 septanm 2023 rekòmande anpil paske apre 30 jou ou ka fè fas ak obstak adisyonèl pou ka ou a kapab rekonsidere.***